



Pou Piblikasyon Imedya: 29/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK LIDÈ MAJORITE SCHUMER ANONSE JISKA 43 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU SIPÒTE KOMINOTE YO OTOU LIY TRANSMISYON PROPEL NY ENERGY A

Sibvansyon Lwa sou Rediksyon Enflasyon an pou sipòte Inisyativ Kominotè Dirab nan minisipalite ki pa gen ase resous yo nan Sidès New York

Finansman pou pwojè ki efikas an enèji, edikasyon enèji pwòp, ak fòmasyon mendèv

Gouvènè Kathy Hochul ak Lidè Majorite Schumer te anonse jodia Eta New York pral resevwa jiska 43 milyon dola nan finansman Depatman Enèji (Department of Energy, DOE) Ameriken pou benefisye kominote ki pa gen anpil resous ki sitiye sou liy transmisyon Propel NY Energy (Pwopilse Enèji New York la). Liy transmisyon Propel la se yon pwojè transmisyon elektrik inovan ki mezire 145 km ki pral amelyore fyabilite, rezistans ak livrezon enèji pwòp—ki gen ladan enèji ewolyèn olaj zòn kot—atravè amelyorasyon rezo elektrik kèk pati nan Long Island, Vil New York ak Konte Westchester. Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la, ki ap devlope liy lan ak New York Transco, planifye pou itilize finansman pou Inisyativ Kominotè Dirab Propel NY Energy a pou sipòte pwojè efikasite enèji nan lokal tankou lekòl lokal yo, otorite lojman yo ak sèvis ajans kominotè yo, ansanm ak devlope edikasyon enèji pwòp ak fòmasyon mendèv ak opòtinite karyè pou rezidan yo nan kominote ki pa gen anpil resous yo.

"N ap avanse yon rezo enèji pwòp e ki benefisye tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pwojè transmisyon tankou Propel NY pral ede nou satisfè yon demann k ap grandi pou enèji pwòp epi asire rezo a rezistan fas ak move tan. Mwen bat bravo pou efò administrasyon Biden-Harris la pou ankouraje angajman kominote a pandan New York ap kontinye bati yon ekonomi vèt."

Lidè Majorite Sena Ameriken an, Chuck Schumer, te deklare, "Investisman konsiderab 43 milyon dola federal sa a pou kominote yo nan Vil New York, Long Island ak Konte Westchester te rive posib gras ak Lwa sou Rediksyon Enflasyon (Inflation Reduction Act, IRA) mwen te òganize atravè Kongrè a, epi li ap prepare wout pou epòk enèji abòdab ak renouvlab nan New York. Finansman sa a sipòte edikasyon enèji pwòp epi devlope opòtinite travay atravè lekòl lokal yo, otorite lojman ak ajans sèvis kominotè

yo. Mwen fyè dèske mwen te goumen ak garanti finansman federal enpòtan sa a nan Lwa sou Rediksyon Enflasyon an ke Gouvènè Hochul apibyen itilize pou sipòte objektif anbisyè Lwa sou Lidèchip Klimatik & Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership & Community Protection Act, CLCPA) New York la, yon lè pi pwòp pou kominote nou yo ak yon avni ki pi briyan pou pwochen jenerasyon an. Mwen pral kontinye goumen pou investisman federal ki sipòte pwojè enèji pwòp ki pral transfòme rezo elektrik ak ekonomi New York la."

Sibvansyon pou Enplantasyon Transmisyon ak Devlopman Ekonomik, ki te bay pou 20 [pwojè](#) atravè 16 eta pa DOE mèkredi, pral akselere otorizasyon pwojè transmisyon ant eta a ki gen wo vòltaj, akselere konstriksyon yon rezo elektrik ki solid ak fyab. Kantite lajan egzak la pral depann de negosyasyon pou prim yo, ki ka pran jiska 120 jou. Finansman an posib gras ak Lwa sou Investisman nan Enfrastrikti ak Travay la.

Inisyativ Kominotè Dirab Propel NY Energy a pral angaje ak kominote lokal ki toupre liy transmisyon Propel la, ofri pwojè efikasite enèji, estaj fòmasyon enèji pwòp, yon pwogram karyè enèji pwòp, bous detid pou lidè alavni nan enèji, defi enjenyeri elèv yo, pwogram alfabetizasyon enèji pou granmoun, ak pwogram sal klas vèt.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Otorite Enèji New York kontan dèske yo te chwazi li pou finansman pou Anplasan Transmisyon ak Devlopman Ekonomik sa a ki te posib gras ak Lwa sou Rediksyon Enflasyon an. Amelyore enfrastrikti transmisyon New York la enpòtan anpil pou detèminasyon ak fyabilite rezo New York la, epi finansman federal sa a pral ede asire ke kominote ki pa gen anpil resous sou wout liy Propel NY Energy yo ka jwenn benefis ki pi gwo menm nan ekonomi enèji pwòp New York k ap grandi a."

Prezidan New York Transco, Victor Mullin, te deklare, "New York Transco gen onè pou l travay avèk US DOE, NYPA ak moun ki gen enterè lokal yo pou pote nouvo resous nan kominote yo sou wout Propel NY Energy a. Finansman sa a se yon gwo konpleman pou anpil avantaj Propel NY Energy pral pote pou Nouyòkè yo - yon rezo ki pi fyab, opòtinite travay ak mendèv, kwasans ekonomik, ak byennèt kominotè ak anvivònmanal."

Senatè Kirsten Gillibrand te deklare, "Jodi a, nou pran angajman pou n ogmante kantite djòb lokal enèji pwòp pandan n ap avanse fyabilite, rezistans, ak livrezon enèji pwòp nan kominote New York ki pa gen anpil resous yo. Finansman federal sa a atravè DOE pral sipòte edikasyon sou enèji pwòp ak opòtinite travay pou Nouyòkè yo. Mwen fyè dèske mwen te ede bay finansman sa a epi mwen pral kontinye goumen pou resous federal yo pou avanse pwojè enèji pwòp atravè Eta New York."

Liy transmisyon Propel la pral ranfòse kolòn vètebral rezo elektrik la ak kapasite transmisyon ogmante lè li konstwi nouvo liy transmisyon soutèren ak soumaren nan dwa pasaj piblik ak enstalasyon soustasyon ki egziste deja nan Long Island, nan Vil New York, ak atravè Konte Westchester. Propel pral delivre enèji pwòp yon fason ki efikas ak rantab nan kay ak biznis ki benefisye tout Nouyòkè yo epi ede eta a reyalize

objektif enèji pwòp enpòtan pa yo. Antandan apwobasyon regilasyon, yo prevwa konstriksyon Propel NY Energy ap kòmanse an 2026 epi antre nan sèvis an 2030.

Kolaborasyon NYPA ak NY Transco genyen de enstitisyon New York ki gen rekò pwouve nan konsepsyon, pèmi, konstriksyon ak angajman kominotè solid sou pwojè transmisyon konplèks nan Eta New York. Otorite Enèji a, pi gwo sèvis piblik eta nan peyi a, opere 2,494 km sikwi transmisyon atravè Eta New York. NY Transco se yon devlopè prive, New York, pwopriyetè ak operatè enstalasyon transmisyon an gwo ki baze nan New York. Tou de antite yo te genyen poukont yo pwosesis òf transmisyon kompetitif resan yo epi kounye a ap konstwi pwojè transmisyon enèji pwòp atravè eta a.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Investisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan disi 2030 ak 85 pousan disi 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp, ak 130 Kominote Entèlijan fas ak Klima (Climate Smart Communities, CSC) sètifye, plis pase 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ siveyans lè kominotè eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede sible polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 17 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA finance operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou plis enfòmasyon, vizite www.nypa.gov epi swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

Enfòmasyon sou New York Transco

New York Transco (NY Transco) se yon pwopriyetè, operatè ak devlopè nan enstalasyon transmisyon elektrik ki baze nan New York ki gen yon misyon pou bay solisyon transmisyon elektrik inovan san danje epi efikas ki avanse enèji pwòp pou pi byen sèvi kliyan yo, kominote yo ak anviwònman an. NY Transco posede pa filyal Con Edison, National Grid, Avangrid, ak CH Energy Group. Pwojè fini yo gen ladan Ramapo rive Rock Tavern, Frasers-Coopers Corners ak Dekonjesyon Staten Island (Staten Island Unbottling). NY Transco ap konstwi kounye a Solisyon Enèji New York la nan

Hudson Valley, Pwojè Rock Tavern pou rive Sugarloaf (Rock Tavern to Sugarloaf, RTS) nan Konte Orange ak Pwojè Estasyon Dover nan Dover, NY. Pou plis enfòmasyon, vizite www.NYTransco.com.

###

Lòt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)